

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, prosédur panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, sarta analisis data anu ngawengku téhnik analisis data jeung uji sipat data.

3.1 Désain Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamerakan kuantitatif. Méthode anu digunakeun nyaéta kuasi ékspérimen. Nurutkeun (Arikunto, 2013 kc. 123) aya tilu jenis desain anu dikatégorikeun kana ékspérimén nyaéta *one shot case study*, *pretest and posttest* jeung *static group comparison*. Desain anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta *pretes-posttest*. Panalungtikan dimimitian ku cara méré *pretest* pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis carita pondok saacan dilarapkeunna modél *brainwriting*. Tuluy dibéré perlakuan sangkan ngalatih kamampuh siswa dina nulis carita pondok kalayan ngagunakeun modél *brainwriting*, anu satuluyna dilakukeun *posttest* pikeun mikanyaho kamampuh nulis carita pondok sanggeus dibéré perlakuan. Sangkan leuwih jéntré, desain dina ieu panalungtikan bisa ditén dina tabél ieu di handap.

O ₁	X	O ₂
----------------	---	----------------

Bagan 3.1

Desain Panalungtikan

Keterangan:

O₁: *Pretest* (kamampuh nulis carita pondok seméméh ngagunakeun modél *brainwriting*).

X: Perlakuan (pangajaran nulis carita pondok ngagunakeun modél *brainwriting*).

O₂: *Posttest* (kamampuh nulis carita pondok sabada ngagunakeun modél *brainwriting*).

3.2 Sumber Data

Ieu panalungtikan dilaksanakeun di SMA Negeri 24 Bandung. Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan téh nyaéta siswa kelas XI IPS 4 SMA Negeri 24 Bandung Taun ajar 2021/2022 anu jumlahna 28 siswa. Data dina ieu panalungtikan mangrupa kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI IPS 4 SMA Negeri 24 Bandung Taun ajar 2021/2022 *pretest* jeung *posttest* ngagunakeun modél *brainwriting*. Sangkan leuwih jéntré, sumber data panalungtikan bisa dititén dina tabél ieu di handap.


Tabel 3. 1

Data siswa SMA Negeri 24 Bandung

Kelas	Siswa	Jumlah
XI IPS 4	Lalaki	10
	Awéwé	18
	Jumlah	28

3.3 Prosédur Panalungtikan

Pamerakan anu digunakeun nyaéta pamarekan kuantitatif kalawan ngagunakeun métode kuasi éskpérimén sarta make desain *oné group pretest-posttest*. Sangkan leuwih jéntré, prosedur panalungtikan bisa dititén dina bagian bagan.



Bagan3. 2

Prosédur Panalungtikan

Dumasar kana bagan prosedur panalungtikan di luhur, léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan saperti:

a. Masalah anu Karandapan

Panalungtik ngayakeun wawancara ka guru basa sunda di SMA Negeri 24 Bandung ngeunaan masalah anu karandapan ku siswa dina pangajaran carita pondok. Kapaluruh yén masalahna nyaéta siswa teu bisa nulis jeung ngebrehkeun idé-idéna kalayan bener, siswa kurang merhatikeun kana stuktur jeung kaidah kabasaan dina nulis carita pondok.

b. Rumusan Masalah

Sabada ngaindentifikasi masalah, léngkah satuluyna nyaéta ngarumuskeun masalah dumasar kana kamampuh nulis carita pondok di kels XI IPS 4 SMA Negeri 24 Bandung.

c. Raraga Tiori

Sabada ngarumuskeun masalah, tuluy anu dilakukeun ku panalungtik nyaéta nangtukeun tiori anu ngarojong kana ieu panalungtikan.

d. Ngarumuskeun Hipotésis

Hanipa Nurul Nisa, 2022

MODÉL BRAINWRITING DINA PANGAJARAN NULIS CARITA PONDOK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Hipotésis mangrupa jawaban nu sipatna sementara pikeun masalah anu ditalungtik, bakal kabukti jawabanana ngaliwatan data anu ka kumpul.

e. Ngarumuskeun Instrumén

Instrumén anu digunakeun nyaéta mangrupa lembar kerja *prétest-posstest* nulis carita pondok.

f. *Pretest*

Pretest dilaksanakeun sakali saluyu jeung jam mata pelajaranana. Soal *pretest* luyu jeung nu geus disusun dina instrumén panalungtikan. Léngkah migawé soal jeung siswa nulis carita pondok bebas kalawan jelas tur bener. Sabada kitu, siswa ngumpulkeun éta jawaban pikeun dinilai sarta dianalisis.

g. Modél *Brainwriting*/Perlakuan

Dina waktu pangajaran, siswa diajar matéri carita pondok kalawan ngagunakeun modél *brainwriting*. Di jero kelas, geus disiapkeun kertas lembar kerja modél *brainwriting*. Satuluyna, panalungtikan ngajelaskeun materi ngeunaan struktur nulis carita pondok. Sanggeus kitu, siswa dibagi kana sababaraha kelompok pikeun diskusi ngeusian lembar kerja modél *brainwriting* anu disusun jadi wangun carita pondok.

h. *Posttest*

Posttest dilaksanakeun pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis carita pondok sanggeus ngagunakeun modél *brainwriting*.

i. Analisis

Hasil tina *pretest-posttest* dibandingkeun pikeun maluruh aya henteuna béda anu signifikan. Nganalisis data dilakukeun ku cara ngagunakeun rumus-rumus statistika *SPSS PSAW versi 20*.

j. Kacindekan

Hanipa Nurul Nisa, 2022

MODÉL BRAINWRITING DINA PANGAJARAN NULIS CARITA PONDOK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sabada panalungtik ngalaksanakeun panalungtikan, panalungtik nyieun laporan dina wangun skripsi.

3.4 Téknik Ngumpulkeun Data

Téhnik dina ngumpulkeun data nyaéta ngagunakeun téhnik tés tulis. Téhnik tés tulis digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh nulis carita pondok *pretest* jeung *posttest* ngagunakeun model *brainwriting*. Dina *pretest* siswa nulis carita pondok sacara individu dumasar kana pangaweruh anu aya dina dirina tanpa dibéré materi heula, ku kituna dina *pretest* bakal katitén kamampuh awal siswa dina nulis carita pondok. Tuluy aya *posttest* anu dilaksanakeun pikeun ngukur kamampuh nulis carita pondok ngagunakeun modél *brainwriting*. Ieu hasil bakal nuduhkeun kaéfektifan modél *brainwriting* dina nulis carita pondok. Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ngawengku sababaraha léngkah:

1. Siswa dibéré pancén nulis carita pondok dina *pretest* pikeun ngukur kamampuh nulis carita pondok.
2. Sabada mikanyaho kamampuh awal siswa, panalungtik nyiapkeun matéri carita pondok, modél pangajaran *brainwriting*, sarta alat-alat anu ngarojong prosés panalungtikan.
3. Siswa dibéré perlakuan nyaéta ngalaksanakeun prosés diajar-ngajar modél *brainwriting* dina materi nulis carita pondok. Lian ti éta, siswa ogé dibéré pamahaman yén nulis idé dina carita pondok bisa ngagunakeun modél *brainwriting*.
4. Siswa ngalaksanakeun *posttest* kalawan ngagunakeun modél *brainwriting*, ieu *posttest* dilaksanakeun pikeun mikanyaho ngaronjat atawa henteunna kamampuh siswa dina nulis carita pondok.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun (Sugiyono, 2013 kc. 102), instrumén panalungtikan nyaéta hiji alat anu digunakeun pikeun ngukur fénoména alam atawa sosial nu ditalungtik. Instrumén panalungtikan anu eusina mangrupa tahap-tahap pangajaran anu bakal

Hanipa Nurul Nisa, 2022

MODÉL BRAINWRITING DINA PANGAJARAN NULIS CARITA PONDOK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

dilaksanakeun atawa disebut Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP) pikeun digunakeun *pretest* jeung *posttest* modél *brainwriting* dina kelas ékspérimén. Tés anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta ngukur kamampuh hiji jalma sabada diajar hiji hal. Wangun dina ieu tés mangrupa hasil karangan siswa dina carita pondok, anu ditulis dua kali nyaéta *pretest-posttest*. *Pretest* dilakukeun saméméh ngagunakeun modél *brainwriting*, sedangkeun *posttest* sabada ngagunakeun modél *brainwriting*. Sangkan leuwih jéntré, instrumén panalungtikan bisa dititén dina bagian ieu di handap.

Lembar Paréntah Nulis Karangan Carita Pondok

Pretest ngagunakeun modél *brainwriting*

Wasta: Kelas: Mata pelajaran: Kaping: Pék tulis carita pondok bebas kalawan anu jelas tur bener!
--

Posttest ngagunakeun modél *brainwriting*

Wasta: Kelas: Mata pelajaran: Kaping:
--

3.6 Analisis Data

Dina bagian data dipedar téhnik analisis data jeung uji sipat data anu ngawengku uji normalitas jeung uji hipotésis.

3.6.1 Téhnik Analisis Data

Téhnik ngolah data mangrupa kagiatan nganalisis jeung ngolah data anu geus kakumpul. Data anu bakal diolah jeung dianalisis ngawengku data hasil kamampuh *pretest-posttest*.

Aya sawatara léngkah-léngkah anu kudu dilaksanakeun ngaliwatan tahap-tahap saperti di handap.

- a. Mariksa jeung méré peunteun hasil awal jeung ahir.
- b. Pikeun mikanyaho hasil nulis carita pondok, hasil awal jeung hasil dipeunteun dumasar tabel di handap.

Tabel 3.2

Pedoman Skala Penilaian Nulis Carita Pondok

No.	Skala Penilaian Nulis Carpon	Skor	Kriteria
1.	Eusi carita pondok	4	Hadé pisan, informasina jelas, mekarkeun idéna hadé, rélevan jeung téma.
		3	Cukup hadé, lumayan informasina lumayan, mekarkeun idéna lumayan hadé, sarta rélevan jeung téma.
		2	Kurang, kurang informasina kurang jelas, mekarkeun idéna kurang hadé, sarta kurang rélevan jeung téma.
		1	Kurang pisan, henteu informasina henteu jelas, mekarkeun idéna henteu hadé, sarta henteu rélevan jeung téma.
2.	Imajinasi	4	Hadé pisan, imajinasina kuat jeung diolah sacara hadé.
		3	Cukup hadé, imajinasina kurang kuat jeung diolah kalawan hadé.
		2	Kurang, imajinasi kurang kuat jeung diolahna kurang hadé.
		1	Kurang pisan, imajinasina teu kuat jeung diolahna kurang hadé.

Hanipa Nurul Nisa, 2022

MODÉL BRAINWRITING DINA PANGAJARAN NULIS CARITA PONDOK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

No.	Skala Penilaian Nulis Carpon	Skor	Kriteria
3.	Tokoh jeung penokohan	4	Hadé pisan, aya tokoh utama, tokoh pendukung jeung watek anu digambarkeun sacara jelas.
		3	Cukup hadé, aya tokoh utama, tokoh pendukung jeung watek anu digambarkeun cukup jelas.
		2	Kurang, aya tokoh utama, tokoh pendukung jeung watek anu digambarkeun kurang jelas.
		1	Kurang pisan, aya tokoh utama, tokoh pendukung jeung watek teu digambarkeun sacara jelas.
4.	Galur	4	Hadé pisan, galur digambarkeun sacara jelas jeung gampang dipikaharti.
		3	Cukup hadé, galur digambarkeun cukup jelas jeung jalan caritana cukup dipikaharti.
		2	Kurang hade, galur digambarkeun kurang jelas jeung jalan caritana kurang jelas.
		1	Kurang pisan, galur digambarkeun henteu jelas.
5.	Hubungan antar paragraf	4	Hadé pisan, hubungan antar paragraf kagambar sacara hadé jeung silih patali.
		3	Cukup hadé, hubungan antar paragraf kagambar lumayan hadé jeung lumayan silih patali.
		2	Kurang, hubungan antar paragraf kagambar kurang hadé jeung kurang silih patali.
		1	Kurang pisan, hubungan antar paragraf henteu kagambar.
6.	Éjahan jeung diksi	4	Hadé pisan, ngawasa kana aturan panulisan, tapi aya sababaraha kasalahan éjahan.
		3	Cukup hadé, aya sababaraha kasalahan éjahan, tapi teu ngarobah ma'na.
		2	Kurang, loba kasalahan éjahan sarta ma'nana teu dipikaharti.

Hanipa Nurul Nisa, 2022

MODÉL BRAINWRITING DINA PANGAJARAN NULIS CARITA PONDOK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

No.	Skala Penilaian Nulis Carpon	Skor	Kriteria
		1	Kurang pisan, tulisan teu kabaca jeung ejaan teu jelas.
7.	Gaya basa	4	Hadé pisan, gaya anu dipakéna éféktif.
		3	Cukup hadé, gaya anu dipakéna cukup éféktif.
		2	Kurang, gaya anu dipakéna kurang efektif.
		1	Kurang pisan, gaya anu dipakéna teu éféktif.

(Nurgiyantoro, 2016 kc.479)

$$\text{Peunteun} = \frac{\sum \text{skor (a+b+c+d+e+f+g)}}{\sum \text{skor maksimal 28}} \times 100$$

Tabel 3.3

Kritéria Peunteu Dumasar KKM

Penilaian	Kategori
≥ 75	Tuntas
≤ 75	Can Tuntas

Katerangan:

KKM: 75

Peunteun Maksimal: 100

Kategori: Penilaian ≥ 75 , siswa dianggap tuntas nulis carita pondok nu bener.Penilaian ≤ 75 , siswa dianggap can tuntas nulis carita pondok nu bener.

Tabel 3.4

Format Penilain Nulis Carita Pondok

No.	Aspék Nu Dinilai							Σ	P	K
	A	B	C	D	E	F	G			
1.										
2.										
3.										
4.										
5.										
6.										
Σ										
X										

Hanipa Nurul Nisa, 2022

MODÉL BRAINWRITING DINA PANGAJARAN NULIS CARITA PONDOK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Keterangan:

A: Eusi carita pondok

B: Imajinasi

C: Tokoh jeung penokohan

D: Galur

E: Hubungan antar paragraf

F: Ejaman jeung diksi

G: Gaya

$$X = \frac{\sum}{n}$$

Skala rata-rata: 1,0-2,0 : kurang

2,1-3,0 : cukup

3,1-4,0 : hadé

3.6.2 Uji Sipat Data

Pikeun nguji sipat data dilakukeun uji normalitas jeung uji hipotésis. Data kuantitatif dina ieu panalungtikan baris dianalisis ku cara ngagunakeun *SPPS PSAW versi 20*. *SPPS* mangrupa hiji program anu mantuan prosés ngolah, ngitung jeung nganalisis data *pretest* jeung *posttest* sacara statistika.

3.6.2.1 Uji Normalitas

Uji normalitas nyaéta pikeun nangtukeun data nu mibanda sifat normal atawa henteu normal. Dina ieu panalungtikan uji normalitas ngagunakeun uji *kolmogorov-smirnov*. Anapon pikeun nyokot uji normalitas data panalungtikan saperti ieu di handap.

H_0 : distribusi data normal.

H_1 : distribusi data teu normal.

Uji normalitas ngagunakeun uji *kolmogorov-smirnov* miboga taraf signifikan 95% ($\alpha=0,05$). Kritéria ngujina saperti ieu di handap.

H_0 ditarima atawa H_1 ditolak, saupama nilai sig. (signifikansi) $\geq 0,05$.

H_0 ditolak atawa H_1 ditarima, saupama nilai sig. (signifikansi) $\leq 0,05$.

Hanipa Nurul Nisa, 2022

MODÉL BRAINWRITING DINA PANGAJARAN NULIS CARITA PONDOK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.6.2.2 Uji Hipotésis

Pikeun nangtukeun hipotésis bisa dilakukeun ku dua cara. Saupama distribusi datan miboga sipat teu normal mangka uji hipotésis dilakukeun ku cara ngagunakeun statistika non paramétrik. Sedengkeun lamun distribusina datana miboga sipat normal mangka uji hipotésis dilakukeun ku cara ngagunakeun statistika paramétrik. Uji hipotésis dina ieu panalungtikan ngagunakeun t-tes program *SPPS PASW versi 20* kalawan acuan dasar kaputusan t-tes nilai nyaéta sig (signifikansi). Pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis saperti ieu di handap.

H_0 (Hipotésis nol) : Teu aya béda anu signifikan antara *pretest* jeung *posttest* digunakeun modél *brainwriting* dina panagajaran nulis carita pondok ka siswa kelas XI IPS 4 SMAN 24 Bandung Taun Ajar 2021/2022.

H_a (Hipotésis Alternatif) : Aya béda anu signifikan antara jeung *pretest* jeung *posttest* digunakeun modél *brainwriting* dina panagajaran nulis carita pondok ka siswa kelas XI IPS 4 SMAN 24 Bandung Taun Ajar 2021/2022.

Dumasar kana éta hipotésis, kritéria ngujina saperti ieu di handap.

H_0 ditarima atawa H_a ditolak, saupama nilai sig. (signifikansi) $\geq 0,05$.

H_a ditarima atawa H_0 ditolak, saupama nilai sig. (signifikansi) $\leq 0,05$.